

# PLEDWAYE JEN YO POU LADEMOKRASI



**“** Bay jèn yo lapawòl, bay yo yon plas nan patisipasyon demokratik la, se sa pwojè refleksyon sitwayen Sant Muse Ayiti (CEMUH) a ap chèche bò kote jèn ki gen 15 rive 24 lane. **”**

# SA KI NAN LIV LA

Pou kòmanse

N ap di mès

Kijan nou te monte pledwaye sa a?

Pou kiyès yo fè pledwaye sa a?

Kisa jèn gason ak jèn fi Ayisyen ap tann nan men lademokrasi ak moun ki reprezante l nan peyi a?

Anèks

Pou fini

## POU KÒMANSE

Yo konsidere lademokrasi tankou yon zouti ki dwe ankouraje yon lavi miyò pou tout sitwayen fanm kou gason, san distenksyon. Se pa senpman fason yon gouvènman monte opouvwa, nan eleksyon pèp chwazi l pou reprezante l.

Gen lòt eleman toujou pou tabli karebare yon sistèm demokratik, tankou libète ak dwa fondanatal, eleksyon, yon jou pou sou pouvwa yon lòt jou pou mwen, Leta dedwa, separasyon pouvwa yo...

An Ayiti yo tandè mo « Demokrasi » a ak lòt mo ki mache avèk l, toupatou: nan deba piblik, nan radyo, nan rezo sosyo, nan kòt fanmi yo, ela. Tout sa sòti nan yon lojik patisipasyon onon delademokrasi.

Men lajenès, rele sa, ki se lespwa demen peyi li gen de pye l nan 4 chemen si tèlman li gen gwo desizyon pou l pran. Malgre se li ki pi gwo pòsyon nan popilasyon plis pase 60%, sa pa anpeche yo mete l sou kote lè gwo desizyon ap pran nan sosyete a. Ositou, pwòp ministè Lajenès, Espò ak aksyon sivik (MJSAC) yo trete l tankou pitit deyò. Pa gen anyen ki fin deside ni ki sèten pou demen lajenès ayisyèn. Se poutèt sa li sètoblije kite peyi a al chèche yon alemye lòtbò dlo. Alòs, pou kategori sa a yo si telman meprize, kisa lademokrasi an Ayiti ta vle di ? Kijan li ka potekole nan bati lademokrasi an Ayiti ?

Lajenès ayisyèn ap chèche yon landemen miyò. Anpil fwa, landemen sa a kapab tout kote sof an Ayiti. Sa ka parèt dwòl, men li wè tèt li tankou yon paseje ki an tranzit nan pwòp peyi kote l fèt la. Lavi toulèjou l chaje ak desepsyon epi rayisab poutèt sitiyasyon sosyoekonomik ak politik peyi li. Li santi Leta abandone l, mete l sou kote, pa okipe l. Sa fè l endiyen wè nan ki kondisyon mou nap viv, kijan pwòp sitiyasyon pa l ye, li pa fè enstitisyon Leta yo konfyans ankò.

Kriz politik nan peyi d Ayiti se yon kriz tou nan ledikasyon ale pou vini. Kidonk li enpòtan pou moun ki enterese nan zafè politik piblik pou yo byen konpran tout alantou zafè apran jèn yo kisa valè demokratik yo ye, nivo konfyans ak tout angajman sa mande.

Sa nou rele « pledwaye » se yon pwosesis estratejik kote y ap cheche aji sou politik, pwogram, pratik ansanm ak desizyon ki pral gen konsekans sou lavi moun. Ositou, nan pledwaye sila a nou vle bay jèn yo lapawòl dekwa pou yo potekole nan bati lademokrasi an Ayiti selon sa y ap tann Demokrasi a ak moun ki represente lan peyi a, ap pote pou yo..

## N AP DI MÈSI

Nou vle montre tout gratid nou pou Mesye Nesmy MANIGAT ki te ankadre nou, ban nou direksyon ak konsèy lè nou t ap prepare dokiman sila a.

Nou voye yon gras mèsi bay tout moun ki travay gratis yo, ki te patisipe yo, bay Direksyon Nasyonal Liv (DNL), bay Sant pou Pwomosyon lademokrasi ak ledikasyon Patisipatif (CPDEP), bay Lidè pou Demen ak T12 ki te kolabore avèk nou. N ap voye bèl kout chapo tou pou Pè Gilbert PELTROP C.Ss.R ak Louino ROBILLARD pou konsèy yo ba nou pandan travay la.

N ap remesye tou Delegasyon Linyon Ewopeyèn an Ayiti ak WELLCOM ki te pwopoze epi ankouraje nou reyalize pledwaye sila a.



Sant Muse Ayiti (CEMUH) se yon asosyasyon ki pap travay pou lajan, ki kreye nan dat 16 fevriye 2019, ki regwoupe jèn ki sòti divès kote epi ki vle ede sektè yo k ap pot chanjman nan sosyete a, sitou sila yo ki nan edikasyon, omwayen aprantisaj ak egzèsis sitwayènte, omwayen aktivite edikasyon, fòmasyon, pwomosyon lakilti ak lanviwòman.

Eslogan sila a « li pou aprann - li pou konprann - li pou chanje » tradui vizyon pa l : ede bati yon lòt sosyete, kote moun ka viv pi byen epi patisipe nan transfòmasyon sosyal la.

# KIJAN NOU TE MONTE PLEDWAYE SA A ?

## SOU BAZ YON BONJAN ECHANTIYON KI BYEN REPREZANTE LAJENÈS AYISYÈN

Pou fè dokiman sa a, nou te poze **53 jèn ki gen 15 rive 24 lane** nan twa depatman peyi a (Lwès, Sid ak Nò), ki konpoze echantiyon travay sa a.

**Nou pran ankant rapò kantite gason kantite fi:** pousantaj fi nan popilasyon jèn ki nan pledwaye sa a se 58.5 %, osnon 31 fi pou 22 gason sa ki bay 41.5 %.

Kanta **separasyon jeyografik la**, zòn riral la pran 54.72 % ankonparezon ak zòn lavil ki se 45.28 %.

Pou nou ranmase, popilasyon nan Sid, nan Nò ak Lwès reprezante chak apa 22,64 % ; 30,20 % ; 47,16 %. Kidonk, popilasyon Lwès la se pi fò pousantaj nan echantiyon nou an, menmjan tou onivo nasyonal.

## AVÈK DIVÈS KALITE JÈN

Nou rankontre ak divès kalite jèn pou ankèt la. Gen sa ki se etidyan, atizan, sa ki travayè seksyèl, gen jèn nan dyaspora ayisyèn, gen jèn tou ki andikape, jèn ki fè chwa seksyèl dife-ran, jèn ki an kontravansyon ak lalwa, jèn ki rete nan katye defavorize yo, jèn ki fin etidye ak diplòm yo anba bra yo, gen jèn ki manm asosyasyon nan sosyete sivil la, jèn k ap viv nan zòn riral osnon lavil.

## NOU RESPEKTE YON METODOLOJI KOMSADWA

Men ki metòd ak teknik nou te sèvi pou ranmase epi analize done yo : metòd pou ankèt<sup>1</sup> ak teknik fè entèvyou<sup>2</sup> (TREMBLAY & GIROUX, 2002 : 97). **Pou bati echantiyon an**, nou te sèvi ak metòd non pwobabilis epi teknik echantiyonaj dapre estimasyon<sup>3</sup>.

**Pou etap ranmase done yo**, nou fè selon teknik entèvyou ak gwoup osnon grenn moun.

Pou zouti pou ranmase done, nou te sèvi ak :

- yon griy pou entèvyou,

1 Metòd sila a se pou mezire konpòtman, lapanse ak kondisyon lavi moun k ap patisipe nan yon etid pou yo etabli youn oswa plis relasyon asosye ak yon fenomèn epi detèminan li yo.

2 Teknik pou ranmase done kote y ap pran dizon patisipan yo sou yon kesyon, sou baz yon braselide ant patisipan sila yo epi moun k ap fè rechèch la.

3 Teknik echantiyonaj non pwobabilis kote chèchè a chwazi eleman yo, paske pou li menm yo sanble se fondalnatal gwoup kote yo ratache a.

- yon mayetofòn,
- yon kamera
- ak yon fòmilè Google..

**Pou etap trètman, analiz ak entèpretasyon** enfòmasyon nou ranmase yo, nou fè retranskripsyon verbatim yo, apre nou te analize yo dapre metòd analiz pwoblèm ak entèpretasyon faktyèl ak yon griy analiz epi ofinal nou te reekri mesaj pi enpòtan jèn yo te bay.

## POU KIYES PLEDWAYE SA A FÈT ?

### POU DESIDÈ, LIDÈ OPINYON, KANDIDA POLITIK

Pledwaye sa a ap chèche fòse yo pran desizyon ak aksyon sou sa jèn yo ap tann nan men lademokrasi ak moun ki reprezante l nan peyi a. Pou sa rive fèt, n ap chèche pote lapawòl jèn yo bò kote gwoup denfliyans sila yo :

1. Enstitisyon piblik Leta yo (MJSAC, MENFP, MPCE, IBESR, Palman, Ofis Pwoteksyon sitwayen ...);
2. Kandida pou eleksyon yo (lokal ak nasyonal)
3. Moun k ap pran desizyon nan sektè biznis la (mèt biznis yo / sektè prive a);
4. Òganizasyon/ajans entènasyonal yo ki gen arevwa ak zafè Dwa moun ;
5. òganizasyon osnon asosyasyon jèn yo nan sosyete sivil la pou fè alyans.
6. Laprèse

## KISA JÈN AYISYEN YO AP TANN NAN MEN LADEMOKRASI AK MOUN KI REPREZANTE L YO NAN PEYI A ?

Se sou kesyon sa a aktivite ranmase done yo dewoule.

Sòti mi septanm 2020 rive me 2021, Sant Muse Ayiti te menen yon valè rankont nan twa (3) depatman peyi a, l ap chèche konnen kisa ki bay lajenès pwoblèm nan kesyon demokrasi sou plan sosyal, ekonomik ak politik, epi tou sou Dwa moun an Ayiti.

Reyalize etid sa a te yon bèl eksperyans. Konsa, nan braselide ak jèn yo, nou vin konprann san fòs kote reyalite sosyal yo epi wè nan ki pwèn kèk nan yo ap soufri akòz kondisyon lavi

difisil reyalite si kou sitwon peyi a ap enpoze yo. Dokiman sa a raple ki atant adolesan ki gen 15 rive 17 lane ansanm ak jèn ki lan 18 rive 24 lane yo, genyen sou kesyon lademokrasi ak moun ki reprezante l nan peyi a. San nou pa pretann travay sa a konplè, done nou ranmase yo reflete, yon jan yon manyè, pwoblèm sosyo-ekonomik, politik jèn Ayisyen yo menmjan tou chanjman ak sitiyasyon yo vle chanje.

## **KISA JÈN YO VLE SOU PLAN SOSYAL ?**

- 1. Jèn yo vle yon akonpayman grasa politik piblik ki konsidere dwa fondanatal yo sitou pou jwenn ledikasyon ak fòmasyon teknik epi pwofesyonèl**, sa ki pral fè vin gen mobilite sosyal pou jèn nan kategori afè pa bon yo. Paregzanp andeyò, sa rive twòp wè timoun ki dwe mache konbye èdtan pou ale lekòl. Yo mande pi bon kondisyon pou jwenn transpò piblik osnon ke lekòl la vin pi pre yo.
- 2. Jèn yo mande pi plis sèvis sante nan yo zòn riral yo** nan bati lopital ak/oswa nan kore lopital ki la deja yo dekwa pou popilasyon a jwenn laswenyaj. Yon lòt bò, yo mande pou otorite yo pran desizyon ak aksyon pou yo pa derefize laswenyaj bay malad kipa gen mwayen pou peye swen yo la pou la. Fòk tout lopital k ap fè vye pratik sa yo jwenn bonjan sanksyon dekwa yo sispann.
- 3. Fòk prensip egalite chans lan aplike nan enstitisyon piblik/prive yo.** Bay responsab ak otorite konsène yo, yo voye mande pou yo konbat vye pratik ki vle pou jwenn yon travay ou dwe asepte vann kò ak lòt pratik derespektan pou diyite moun. Aksepte vin an afè ak yon moun pa kapab yon rezon pou l chwazi ba w yon djòb. Jèn yo mande pou yo retire kalite konpòtman sa yo sou moun menmjan tou pou tribinal tande plent yo kont kelkilanswa moun ak enstitisyon/òganizasyon ki fè kalite zak sa yo, abize moun.
- 4. Jèn yo mande pou yo kreye espas detant ak rankont** ki ede yo viv pi byen epi devlope tèt yo ak talan yo. Egzanp espas pou yo kreye : **sant espòtif ak kiltirèl.**
- Jèn ki anafè ak lajistis yo, ki fèmèn nan prizon ap mande otorite ki konsène yo pou mete adispozisyon yo sant sante sizoka maladi. Yo mande pou **yo trete yo tankou moun** ki vle di yo pran ankonsiderasyon lamanjay ak kondisyon sanitè yo.

## **KISA JÈN YO VLE SOU PLAN POLITIK ?**

### **1. Etik ak konpetans**



Jèn yo vle lidè onèt ak konpetan nan pòs desizyon yo, ki kapab devlope bonjan plan daksyon pou devlopman ak byen viv popilasyon an.

Pou sa, yo defini sa ki fondamantal pou pran epi entegre nan pwosesis seleksyo kandida yo : nivo etid, ki espesyalite kandida a konpare ak pòs ki vle okipe a, kisa li t ap fè nan lavi l ak ki plan daksyon pou konkretize yon politik ak promès yo.

Jèn yo derefize nenpòt ki moun vin yon dirijan, paske vòt yo dwe sèvi pou bati peyi a, fè lavi miyò blayi pou popilasyon an olye pou bagay yo vin pi mal.

## 2. Respè pou fonksyon piblik la

Jèn yo mande pou yo trete fonksyonè yo avèk diyite ak respè.

Yo vle pou salè fonksyonè yo vin yo san mank (sitou pwofesè ki nan ansèyman piblik yo) dekwa kenbe fonksyonè yo motive pou yo sèvi popilasyon an nan enstitisyon piblik yo, dekwa pou redui rakèt, koripsyon, grèv epi ankouraje enstitisyon piblik yo mache byen.

## KISA JÈN YO VLE SOU PLAN EKONOMIK ?

1. **Jèn yo mande pou yo desantralize aktivite k ap bay lajan nan pòch** dekwa pou kreye travay ak sèvis nan zòn riral yo epi entegre jèn yo pi byen nan ekonomi ayisyèn. Pou yo, desantralizasyon se yon pati nan repons pou bay onivo sèvis yo : par egzanp lè yo mete bank komèsyal nan zòn ki pat genyen, bank sila yo pral kapab ofri sèvis yo men tou pote travay nan zòn ki pa genyen yo.

Pou yo, desantralizasyon aktivite yo ka ede kenbe jèn yo lakay yo olye yo al gonfle nan kapital la nan chèche travay. Tout sa ka fè bese dansite popilasyon nan vil yo ak kantite yo jèn k ap migre.

2. **Jèn yo mande pou yo konbat favoritis, pou yo pwomouvwa merit** epi tou kreye yon klima lapè nan la Repiblik dekwa pou ankouraje investisman. Sa a se atant jèn nan dyaspora ayisyèn dakò avè l.

3. **Jèn yo jèn mande pou yo jwenn kredi** : lè yo garanti yon minimòm kredi bay jèn yo, y ap kapab kreye pwòp biznis yo epi entegre ekonomi ayisyèn. Yo panse ak finansman epi konesans debaz nan biznis, yo ap kapab ede ekonomi peyi a grandi, kreye travay epi bese anpil kantite moun ki pap fè anyen epi ki lage nan delenkans.

## KISA JÈN YO VLE SOU PLAN LAJISTIS ?

**Jèn yo vle pou Lajistis granmoun tèt li, san pas pouki e pou li pa nan patipri**

Yo mande pou mete yon sistèm asistans legal pou prevni yo (akize yo) sitou pou jèn yo, sa ki pa gen mwayen peye avoka, pou yo jwen yon sistèm ki defann yo komsadwa.

## KISA JÈN YO VLE SOU PLAN EDIKASYON ?

- Jèn yo bouke ak vye kalite edikasyon y ap resevwa. Yo rekonèt anpil nan pwofesè yo pa gen nivo pou travay y ap fè a, fòmasyon yo chita plis sou teori san pratik. Yo mande pou ministè Edikasyon ta fè bonjan enspeksyon sou kalite edikasyon k ap bay nan tout lekòl peyi a, pou evalye, sipèvize pwofesè yo chak tan pou mete pwofesè ki kalifye pou sa nan plas yo.
- Yo ta swete pou ministè Edikasyon mete sou pye yon baz enfòmasyon ki soti nan enfòmasyon tout lekòl yo pou verifye konpetans tout pwofesè ak moun ki responsab edikasyon soti depi lekòl fondamantal rive segondè nan tout peyi a, pou pèmèt bonjan konpetans travay. Tankou nan tout lot sèvis piblik yo li pa nomal pou yon moun ki pa gen konpetans pou li pwofesè rive jwenn pos la nan koripsyon oswa nan chantaj.
- **Yo ta swete pou edikasyon fèt nan lang manman yo** san yo pa mete okenn lot lang sou kote
- Tout lekòl ta dwe swiv menm pwogram, sèvi ak menm liv, pou ta gen laboratwa nan tout lekòl yo pou fè pratik sou tout sa y ap anseye nan sal klas yo
- Jèn yo swete pou yo chèche konprann reyalyte sosyo ekonomik chak timoun sitou sila yo k ap viv nan kondisyon kote yo pa gen odinatè, elektrisite ak entènèt pou gen espas ki pèmèt yo ka fè rechèch
- Jèn yo mande pou lekòl yo ak lise yo bati yon jan pou pèmèt plis moun andikape vini lekòl nomalman, pou yo gen plas yo tankou tout moun nan sosyete a. Yo di li nesèsè pou Enstiti Byenèt Sosyal pran responsablite l pou li okipe timoun ki nan lari yo.
- Pou fini, jèn yo mande pou gen pwogram sosyal nan lekòl yo : kantin, bibliotèk, espas pou rechèch, pou pran ti plezi, pou espò ak kilti.

## ANÈKS

Tablo 1 : Prezantasyon kantite moun ki patisipe nan ankèt la nan chak departman, sèks yo avèk pousantaj yo reprezante.

Popilasyon ankèt la / Sex/Depatman	Kantite Gason	Kantite Fi	Sou-Total	Pousantaj (%)
Jèn nan Coreaux ( Sid)	5	7	12	22.64 %
Jèn nan Katye Moren (Nò)	5	11	16	30.20 %
Jèn nan komin bò Pòtoprens (Site Solèy, Gran ravin, Matisan ak Kafou fèy (Lwès)	2	4	6	11.32 %
Jèn nan prizon sivil Cabarèt (Lwès)	-	5	5	9.43 %
Jèn nan CERMICOL (moun ki viv akote sosyete a) (Lwès)	5	-	5	9.43 %
Jèn k ap travay kòm bouzen (Lwès /Latibonit)	-	2	2	3.77 %
Jèn nan Sen Vensan (Lwès)	3	1	4	7.55 %
Jèn nan dyaspora	2	1	3	5.66 %
<b>Total</b>	<b>22</b>	<b>31</b>	<b>53</b>	<b>100 %</b>

Se te yon bèl eksperyans fè etid sila. Se te yon okazyon ki pèmèt rankontre jèn yo pou nou konpran byen reyalye y ap viv, pou nou wè kouman anpil nan yo ap souffri ak reyalye peyi a dapre kondisyon fanmi yo ap viv. Kidonk soti sptanm 2020 rive janvye 2021, nou fè anpil wout pou nou pran enfòmasyon plizyè jèn nan tout peyi a ak lot kote te bay nou.

Nou pa vle fè kwè se refleksyon tout jèn ki nan travay sa a. Men kanmenm enfòmasyon yo montre sitiyasyon sosyo ekonomik ak politik yo ak nivo konprann jèn nan Demokratik ak mesaj yo. Pi gwo pwoblèm nou idantifye pou bati Demokrasi an Ayiti, soti nan jan chak gwoup jèn wè demokrasi a yon jan. Tankou kèk jèn nan zòn riral yo, ki pa nan dansekole sou kesyon dwa pou moun ki gen lòt oryantasyon seksyèl

Sou plan sosyal kesyon dwa moun pa respekte menm. Kòm anpil nan yo viktim presyon sosyal, yo aprann reziyen yo, kom yo pa ka jwenn sèvis oswa yo jwenn move kalite sèvis tankou edikasyon ki se youn nan premye pwoblèm pou bati Demokratie

Pwoblèm chomaj la menm lakòz anpil jèn ap chache kite peyi a. Jèn yo pa reve avni yo an Ayiti menm, paske yo pa santi yo alèz, akòz tout dezòd onivo Leta, loripsyon gwo kriminel, kidonk pa gen espwa anko. Poutan nou pa ka kite lespwa pou Ayiti chanje a disparèt kay jèn yo. Kisa nou ka fè pou nou fè lespwa tounen boujonnen nan katagori sa, pou li ranmase destin l ak peyi l ak tout nam li ak tout fòs li l ? Nou kwè travay pledwaye sa pral pouse nou gade lavni an yon lòt jan andedan peyi a.

## POU FINI

*Sa ki ankouraje nou pou nou fè pledwaye sa a se volonte n kòm jèn òganize, pou nou fè tandè vwa nou paske avni peyi a nan men nou. Youn nan travay Leta se asire avni nasyon an. Pou Leta fè travay sa a li dwe pran responsablite l nan ankadreman jèn yo, ki se jenerasyon pou prepare pou pran larelèv peyi a.*

*Si larelèv sa sa pa byen prepare ak jèn ki fòmè nan tout domèn (nan jwenn bous pou etidye, nan jwenn estaj, akonpayman familyal, nan jwenn travay ak lòt..) ak ankadreman Leta, Lespwa n ap reve pou yon lòt Ayiti ap disparèt nèt.*

*Li lè li tan pou nou kwape kriz demokratik sa a non sèlman pou nou sove peyi nou epi pou nou aji nan enterè pitit peyi a. Pou nou rive fè sa nou dwe chèche konnen kote kriz sa soti, nou dwe ankadre jèn yo, chèche konnen sa ki bon po yo dapre yo, fè yo patisipe tou nan bati demokrasi nan peyi yo paske yo reprezante 60 % nan popilasyon<sup>1</sup> peyi a.*

*Aprè rankont nou fè nan kad pwojè sa a ak jèn yo li parèt aklè pou nou demokrasi peyi a andanje, nou rive konprann sa demokrasi vle di pou yo nan lavi yo chak jou, ti kal sans yo ba li, jan yo pèdi konfyans nan Leta. Jodi a y ap revandike epi pote solisyon.*

*Si demokrasi a anperil, se akòz tout kalite sitiyasyon depaman ki gen nan sosyete a, akòz tout koripsyon, tout lesegrennen nan*

---

<sup>1</sup> Op. cit.

*Leta, nivo konsyans popilasyon an... Kouman nou ta vle pou moun kap viv san kay, san kapab ale lekòl ni lopital kwè nan demokrasi.*

*Pouki jèn yo kounye a pa anvè rete nan peyi a, pouki yo pa fè Leta konfyans ankò ?*

*Pou noumenm jèn, nou pa p ka gen demokrasi san nou pa rebat kat politik la ak tout kat sistèm edikasyon an e fòk sa fèt ak dizon popilasyon an. Nou pa mande mirak pou fè elèv lekòl tounen sitwayen men nou mande pou fòme yo nan yon sans pou yo pa pè pran responsablite epi pou peyi yo nan kè yo toutbon. Kidonk fòk edikasyon gen plis valè, ankadre jèn yo pou yo alèz paske yo di yo pare pou pran responsablite*

*Pou nou sove demokrasi se pou nou ankadre jèn yo kòm sadwa, pou nou sove demokrasi se pou tout popilasyon an patisipe nan desizyon kap pran.*

*Nan Pledwaye sila a, jèn yo montre aklè desepsyon yo e fè konnen sa yo ap tan pou bati demokrasi a tout bon an Ayiti.*

*Yo mande pou tout moun kap pran desizyon keseswa onivo Leta, sektè prive ak tout lòt otorite pou omwens tandè revandikasyon yo.*



musehaitiorg@yahoo.com  
5094422-4345 / 3102-1093  
3 bis, Rue Dr. Brun Ricot, impasse Ducaste  
Nazon, Port-au-Prince